

# 149 *Nou gen rekonesans pou ranson an* (Lik 22:20)

1. Jewova, bon papa,  
nou vin devan twòn ou  
Paske'w demontre lanmou  
ki san parèy pou nou.  
Ou bay Pitit ou renmen an  
pou'n gen lavi.  
Se vrèman yon gwo sakrifis  
ki te fè'w soufri.

*(REFREN)*

*Li bay lavi'l pou'n libere.  
Se grasa san'l nou delivre.  
Ak tout kè nou,  
N'ap remèsye'w pou tout letènite.*

2. Jezi te bay lavi'l pou nou  
ak kè kontan.  
Lanmou pouse'l peye pri a  
pou'n ka viv toutan.  
San li, nou youn pa't gen espwa  
jwenn delivrans,  
Men kounye a, n'ap tann pou'n viv  
san okenn soufrans.

*(Refren)*